# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–18 अक्टूबर 2025 भोजपुरी समाचार

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के ब्रह्मोस एयरोस्पेस इकाई से बनावल गइल ब्रह्मोस सुपरसोनिक मिसाइल क पहिला खेप के आजु हरियर झंडी देखवलें। दुनिया क सबसे तेज अउर घातक मार करे वाला सुपरसोनिक मिसाइल प्रणाली लखनऊ क इंटीग्रेशन एंड टेस्ट सुविधा से एके बनावल गइल हौ। येह यूनिट क उद्घाटन 11 मई के कइल गइल रहे।

येह मौका पर रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह कहलीं कि आजु क दिन प्रदेस आ पूरा देस बदे गौरव क दिन हौ। लखनऊ अब डिफेंस सेक्टर में खास भूमिका निभा रहल हौ। उहां के कहलीं कि 'ऑपरेशन सिंदूर' ई साबित कइले हौ कि जीत हम्मन क आदत बन चुकल हौ। दुनिया भारत क ताकत के मान रहल हौ। अब देस पहिले से ढेरि मजबूत बनि गइल हौ। पाकिस्तान क हर इंच ब्रह्मोस क रेंज में आ रहल हौ। ऑपरेशन सिंदूर त एगो ट्रेलर भर रहे।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह मौका पर कहले कि लखनऊ अब रक्षा उद्योग क नया केन्द्र बन रहल हौ अउर ई कदम प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के आत्म निर्भर भारत के संकलप के पूरा कइले में बड़हन उपलब्धि हौ।

**********

केंद्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान आजु गोरखपुर के सरदारनगर ब्लाक के डुमरी खुर्द गांव में आयोजित चौपाल में सामिल भइलें। येह दौरान उहां के किसान लोगिन के समेस्या सुनली अउर अधिकारियन के ओहके दूर करे क आदेस देहलीं। श्री चौहान कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में किसान लोगिन के मजबूत बनावे के कार कइल जा रहल है। उहां के धान अउर गेहूं के साथही पशुपालन, बागवानी अउर एकीकृत कृषि प्रणालियों के अपनावे क अपील कइलीं। केंद्रीय कृषि मंत्री देवरिया के किसान मेलो में सामिल भइले अउर कहलें कि कृषि क्षेत्र मे हम्मन के लगतारे बेहतर कार कइ रहल हई।

**मोदी जी के नेतृत्व का कमाल है कि अन्न के भंडार भरे है 2014 से 25 के बीच हमारा उत्पादन 40 प्रसेंट बढ़ गया है, धन धान्य से भरपूर है हमारा देश अन्न के भंडार हमारे भरे हुए है 80 करोड़ भारतीयों को निशुल्क राशन देने का चमत्कार कोई कर रहा है तो दुनिया में हिन्दुस्तान कर रहा है और वो किसानों के मेहनत के बल पर कर रहा है।**

**********

जीएसटी सुधार से पूरा देस के उपभोक्ता लोगिन के फायदा मिल रहल हौ। आकाशवाणी से एगो खास बातचीत में लखनऊ क नीति वर्मा जीएसटी पर दिहल गइल छूट पर आपन बिचार साझा कइलींन।

**मैं नीति वर्मा त्योहारों के मौसम के शुरूआत के साथ ही हाल में ही जीएसटी दरों में कटौती के कारण भारतीय बाजारों में उत्साह है। यह बहुत अच्छा सरकार ने किया इससे चीजों के दाम कम हो गये हैं इस मौके पर जीएसटी का कम होना लोगो में भारी उत्साह दिखाई दे रहा है। चीजें सस्ती हो गयी है लोगों को खरीददारी करने में बहुत आसानी हो रही हैं इस सरकार के फैसले के लिए मैं बहुत–बहुत धन्यवाद देना चाहती हूं।**

**********

प्रदेस भर में आजु धनतेरस क त्योहार उछाह के साथ मनावल जा रहल हौ। धनतेरस के धन त्रयोदशी अउर धन्वंतरि जयंतियो के नाव से जानल जाला। येह सुभ दिन लोगि भगवान धन्वंतरि, भगवान कुबेर अउर देवी लक्ष्मी क पूजा करे लें। बाजारन में खूब रौनक हौ अउर बड़हन तादाद में लोगि कपड़ा बर्तन, जेवर आ इलेक्ट्रानिक्स क सामान खरीद रहल हवे। राज्यपाल आनंदीबेन पटेल अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियों के धनतेरस अउर देवाली क शुभकामना देहले हवे।

**********

अजोध्या में 'दीपोत्सव क तैयारी' आखिरी फेरा में पहुंच गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

**सज और संवर रही अयोध्या कल पूरे विश्व को आस्था श्रद्धा और धर्म का संदेश देगी,फूलों और विद्युत झालरों से अयोध्या गमकेगी भी और चमकेगी भी, कल दीपोत्सव पर निकलने वाली शोभा यात्रा के लिए 21 झांकियां आकार ले चुकी है,जो रामायण प्रसंगों और केंद्र व प्रदेश सरकार के साथ ही अयोध्या के विकास की झलकियां दिखाएगी,राम की पैड़ी के साथ ही 56 घाटों पर बिछाये जा रहे 29 लाख दीपों में 80ः दीपक बिछाये जा चुके हैं, तो आरती का पूर्व अभ्यास भी किया जा चुका है,दीपोत्सव अपने ही पूर्व रिकॉर्ड को तोड़कर तीन नए कीर्तिमान पुनः स्थापित करेगी,इस बीच संवेदनशील स्थानों पर सुरक्षा बलों के साथ राजपत्रित अधिकारी तैनात कर दिए गए हैं। तन्मय सोनी, आकाशवाणी समाचार अयोध्या।**

**********

बनारस में आजु भोरवे से मां अन्नपूर्णा देवी के दरसन बदे भक्तन क भारी भीड़ उमड़ पड़ल हौ। साल में सिरिफ एक बेरि मां के गर्भगृह के पट आम श्रद्धालुअन बदे खोलल जाला। आजु तड़के 'मंगला आरती' के साथे जइसही मंदिर के दुआर खुलल त पूरा मंदिर मां के जयकारा से गूंज उठल। देस के कोना–कोना से पहुंचल सरधालु लोगि मां के दरसन कइ रहल हवें। धनतेरस से अन्नकूट तिउहार ले यानी पांच दिन के दरसन के ई खास मौका रही। येह दौरान भोर से राति ले पूजा अउर दरसन क सिलसिला चलत रही।

**********